# BOLAJAQ OQÍTÍWShÍLARDA KREATIVLIK KÓZQARASLARDÍŃ RAWAJLANÍWÍ

**Z.Z.Oraqbaev** – *assistent oqıtıwshı*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so‘zlar:** pedagog, mahorat, ta’lim, metod, texnologiya, kreativ yandoshuv, yangi g‘oya.
**Ключевые слова:** учитель, мастерство, образование, метод, технология, творчество, новая идея.
**Key words:** teacher, skill, education, method, technology, creativity, new idea.

**Kirisiw.** Kreativlik túrli jaǵdaylarda tálim hám tárbiyaǵa tiyisli máseleler tuwralı qararlardı qabıllawda ayqın kórinetuǵın bolıp, ol pedagogtıń dóretiwshilik belsendligun sıpatlaydı. Joqarı oqıw ornı pedagoglarında kreativlik sapaların rawajlandırıw olar tárepinen pedagogikalıq, psixologiyalıq hám de qánigelik pánleri tiykarlarınan tolıq xabardar bolıw, olar tárepinen ózlestirilgen bilimlerdi ámeliyatta belsendilik penen qollana alıw esabınan kónlikpe hám tájriybelerin qáliplestiriw arqalı ámelge asadı. Hár qanday shaxsta bolǵanı sıyaqlı pedagoglarda da dóretiwshilik-kásiplik xarakterdegi sapalardan biri retinde kreativlik arnawlı bir basqıshlarda rawajlanadı.

**Metodologiya bólimi.** Izertlew procesinde mashqalaǵa baylanıslı filosofiyalıq, sociologiyalıq, psixologiyalıq, pedagogikalıq ádebiyatlardı salıstırmalı-analitikalıq úyreniw hám analizlew. Pedagogikalıq tájiriybelerdi úyreniw [6]. Zamanagóy oqıtıwshıdan psixolog bolıwdı, oqıwshılardıń mashqalalı jaǵdayına durıs sheshim taba alıwdı, informaciya kommunikaciya texnologiyalarınan, sonday-aq, innovaciyalıq texnologiyalar mazmunın biliwdi, multimediya jarata alıw, power pointta háreketli animaciyalıq kórinislerdi erkin jarata alıwdı, kreativ pikirlewge qaratılǵan tapsırmalardı dúze alıwdı, metodikalar biliwi hám jarata alıw qábiletine iye bolıwdı talap etedi [5:3-4].

**Tiykarǵı bólim.** Bilimlendiriw ámeliyatın baqlaw, studentler hám bilimlerdi jetilistiriw auditoriya tıńlawshılarınıń iskerligin úyreniw, kemshiliklerdi anıqlaytuǵın metodlardı qollanıw nátiyjesinde belgili bolǵanınday, pedagoglarda kreativlik tómendegi tórt basqıshta qáliplesedi hám rawajlanıp baradı. Basqıshlar mazmunı:

**1-basqısh:** Pedagogika, psixologiya, filosofiya, estetika sıyaqlı pánlerdiń teoriya-metodologiyalıq tiykarların ózlestiriw;

**2-basqısh:** Ózlestirilgen teoriyalıq bilimlerdi úzlikli hám úzliksiz pedagogikalıq ámeliyat dáwirinde, sonıń menen birge, ámeliy shınıǵıwlar hám óz betinshe bilimlendiriw procesinde ámeliyatqa nátiyjeni ámelde qollanıw kónlikpelerin payda etiw;

**3-basqısh:** Óz betinshe túrde oqıp-úyreniw hám dóretiwshilik izertlew tiykarında payda etiw ámeliy kónlikpelerdiń ilimiy tájiriybelerge aylanıwına erisiw;

**4-basqısh:** Ámeldegi teoriyalıq bilim, ámeliy kónlikpe hám tájriybelerge súyene otırıp kásiplik iskerlikti nátiyjeli shólkemlestiriwge psixologiyalıq tárepten tayarlanıw.

Studentlerdiń kreativlik sapalardı ózlestiriliwine erisiw jolında pedagogikalıq iskerlikti shólkemlestiriwde joqarıda belgilep ótilgen barlıq basqıshlar birdey áhmiyetli esaplanadı.

Pedagoglarda kreativlik sapaların rawajlandıratuǵın texnologiyalar.

Joqarıda aytıp ótilgeni sıyaqlı, shaxsta kreativlik sapalardı rawajlandırıw quramalı process esaplanadı. Bilimlendiriw procesin baqlaw, tikkeley pedagogikalıq procesti shólkemlestiriw procesinde tómendegi metodlar talabalardıń pedagogikalıq oylawın rawajlandırıw menen birge pedagoglarda kásiplik iskerlikti shólkemlestiriwde kórinetuǵın dóretiwshilik ilimiy tájiriybelerdin bekkemleniwine xızmet etedi.

Tómende usı metodlardı qollanıw múmkinshiligi “Ulıwma pedagogika teoriyası hám ámeliyatı” pániniń negizinen orın alǵan “Pedagogika tariyxı” bólimi boyınsha mısallardı keltiriw arqalı ashıp berilgen (keltirilgen mısallar mánisine qaray shaxs kreativligin rawajlandırıwǵa járdem beredi:

**Toparlar menen islesiw metodı.** Bul metodtı qollanıwnda studentler oqıw materialınıń mazmunın yamasa oqıw procesinde belsendi qollanılıp atırǵan tayanısh túsinikler tiykarında toparlarǵa ajıratıp aladı. Bul usıl oqıw materialınıń kishi bóleginde alǵa súrilgen ideyalardı puxta ózlestirip alıw tiykarında náwbettegi bólek teksti menen islewge tiykarlanadı. Toparlar menen islesiw dáslepki bólek oqıw materialı mánisin tereń ańlamay turıp, keyingi bólek teksti menen islewge jol qoyılmaydı. Zárúrlik bolsa, hár bir bólek material studentler tárepinen qayta-qayta úyreniledi. Toparlar menen islesiw joba dúziw usılı ushın dáslepki tiykar boladı.

Bilimlendiriw procesinde studentlerde toparlar menen islesiw metodın qollanıw kónlikpe hám tájriybelerin payda etiwge itibar qaratıldı hám olar menen birgelikte islew tiykarında bir qatar temalar boyınsha toparlar qáliplestiredi.

Mısal ushın: Mahmud Qashqariydiń pedagogikalıq qarasların úyreniwde pútin oqıw materialın tómendegishe gruppalastırıw múmkin:

a) Mahmud Qashqariydiń “Devoni luǵat-at turk” shıǵarması hám onıń tariyxı;

b) shıǵarmada bilim alıwdıń social áhmiyeti hám bilimli adamlardıń shaxsı haqqındaǵı kózqaraslarınıń sáwlelendirilmewi;

v) insanıylıq pazıyletleri haqqındaǵı pikirler shıǵarma mánisin ashıp beretuǵın tárеplerden biri ekenligi;

g) miyman hám onıń social poziciyasının shıǵarmada sáwlelendiriliwi;

d) shıǵarmada buyım-múlk hám oǵan qatnas máseleleriniń aytılıwı;

j) xalıq naqıllarınıń dóretpe mánisin ashıp beriwdegi ornı.

**Nátiyjeler bólimi.** 1. Joba dúziw. Studentlerdiń ózlestirilip atırǵan tema boyınsha joba dúziwge baǵdarlaw hám dáslepki kónlikpelerdi payda etiw. Studentler tárepinen oqıw materialı mánisin tereń ańlawına mumkinshilik jaratadı. Bul jaǵdayda tıńlanıp atırǵan (oqıtıwshı gúrrińi) yamasa oqılıp atırǵan (sabaqlıq, qollanba, járdemshi ádebiyatlar, Internet materialları hám basqalar) oqıw materialın logikalıq túrde toparlarǵa ajıratıw hám hár bir gruppaǵa kiritilgen materialdıń túpkilikli mazmunın ashıp beriwge xızmet etiwshi sóz dizbeklerin ajıratıw studentten turaqlı dıqqat, logikalıq pikirlew qábiletin iyelewdi talap etedi.

2. Tayanısh túsiniklerdi anıqlaw. Bul metodtı qollanıwda studentler olardıń itibarlarına baǵdarlanıp atırǵan oqıw materialında aldın júritilip atırǵan pikirler mánisin ańlatıwshı tayanısh túsiniklerdi ajıratıp kórsete alıwı kerek.

Studentler tayanısh túsiniklerdi anıqlay alıwı olardı oqıw materialı mánisin jetkilikli dárejede ańlaw yamasa ózlestire alǵanlıqlarınan derek beredi. Bilim beriw procesinde studentlerde tayanısh túsiniklerdi anıqlaw kónlikpe hám tájiriybelerin payda etiwge de itibar qaratıladı. Olar menen birgelikte islew tiykarında bir qatar temalar boyınsha tayanısh túsinikler ajıratıldı.

3. Tema ishinde kishi temalardı payda etiw. Oqıtıwshı studentler itibarın úyrenilip atırǵan oqıw materialın mazmunına qaray ǵárezsiz kishi temalarǵa ajıratıwǵa qaratadı. Bul usıldı qollanıwdan gózlengen tiykarǵı maqset - studentlerde berilip atırǵan oqıw maǵlıwmatları arasınan eń zárúrli pikirler yamasa kózqaraslardı ajırata alıw kónlikpelerin qáliplestiriwden ibarat.

Bilimlendiriw procesinde studentlerde tema ishinde kishi temalardı payda etiw kónlikpe hám tájiriybelerin payda etiwge de itibar qaratıldı. Sonday-aq, olar menen birgelikte islew tiykarında bir qatar temalar boyınsha tema ishinde kishi temalar payda etiledi. Bolajaq oqıtıwshılar oqıwshılarǵa eń zárúrli maǵlıwmatlardı jetkerip beriw qábiletin iyelewi zárúr. Bul jaǵday oqıwshılardı fizikalıq sharshawdan saqlaydı.

4. Toparlar menen islesiw. Pedagogikalıq bilimlerdi arnawlı bir baǵdarlar, tárepler yamasa zárúrli belgilerine muwapıq toparlar olardıń studentler tárepinen belgili sistema tiykarında ózlestiriliwine múmkinshilik beredi. Bilim beriw procesinde studentlerde pedagogikalıq bilimlerdi toparǵa bóliw kónlikpesi hám tájriybelerin payda etiwge de itibar qaratıladı.

5. Sxema dúziw. Studentler úyrenilgen oqıw materialı boyınsha ózlestirgen bilimlerin tema mánisin jarıtıwshı sxema, keste yamasa súwretler tiykarında kórsetip beredi. Bilimlendiriw procesinde studentlerde sxemalastırıw kónlikpe hám tájiriybelerin payda etiwge de itibar qaratıldı hám olar menen birgelikte islew tiykarında bir qatar temalar boyınsha sxemalar jaratıldı. Sonıń menen birge, forma hám súwretlerdiń jaratılıwına da erisiledi.

6. Qayta bayanlaw. Úyrenilgen tema mánisin jarıtıwshı tayanısh sózler járdeminde oqıw materialı mazmunın óz pikirleri menen qayta bayanlaw. Mısal ushın Ya.A.Komenskiydiń pedagogikalıq kózqarasların úyreniw procesinde joqarıdaǵı tayanısh túsinikler studentler tárepinen úyrenilgen tema mazmunın qayta aytılıwına múmkinshilik beredi.

7. Ámeldegi túsiniklerdi bayıtıw. Tema boyınsha ózlestirilgen túsiniklerdi mazmunın olarǵa jaqın bolǵan pedagogikalıq yamasa psixologiyalıq terminler menen bayıtıw materialınıń mánisin joqarıdaǵı túsinikler járdeminde jetkilikli dárejede ańlaw múmkin.

8. Pedagogikalıq jaǵdaylardı sheshiw. Joqarı bilimlendiriw mákemeleri studentlerinde pedagogikalıq oylaw hám kreativlik sapaların qáliplestiriwde olardıń túrli pedagogikalıq jaǵdaylar sheshimlerin tabıw uqıbın iyelewine ayrıqsha itibar qaratıw maqsetke muwapıq bolıp tabıladı.

Pedagoglarda kreativlik sapaların rawajlandırıwda bir qatar interaktiv metodlardan paydalanıw buǵan baylanıslı nátiyjelililikke erisiwge járdem beredi.

Tómendegi interaktiv metodlar óz mánisine qaray shaxsta jaǵdayǵa sın kózqarastan, dóretiwshilik penen baǵdarlanıw, mashqalanı analizlew, sintezlew, sistemanıń strukturalıq elementleri arasındaǵı óz ara baylanıslılıq hám baylanıslılıqtı tabıw, logikalıq pikirlew kónlikpelerin payda etedi. Tómende olardan ayırımları úlgi retinde keltiriledi:

“Venn diagramması” studentlerde temaǵa salıstırǵanda analitikalıq baǵdarlaw, ayırım bólimler negizinde temanıń ulıwma mánisin ózlestiriw, túsiniklerdi sintezlew kónlikpelerin payda etiwge baǵdarlaydı. Ol kishi toparlardı qáliplestiriw tiykarında anıq sxema boyınsha ámelge asırıladı. Studentler tárepinen ózlestirilgen óz ara jaqın teoriyalıq bilim, maǵlıwmat yamasa dálillerdi salıstırıw, analizlewge járdem beredi. Onnan arnawlı bir bólim yamasa baplar boyınsha juwmaqlawshı sabaqlardı shólkemlestiriwde paydalanıw nátiyjeli bolıp tabıladı.

“Basqıshpa-basqısh” strategiyası studentlerde úyrenilip atırǵan temanı kishi temalarǵa ajıratılǵan halda súwret, keste yamasa slaydlar tiykarında úyreniw kónlikpelerin qáliplestiredi. Sonıń menen birge, studentlerde temanı úyreniwge dóretiwshilik penen qatnas jasawda, jeke pikir, ózlestirilgen túsiniklerdi súwretleytuǵın kórinislerde ańlatıw qábiletin rawajlandırıwǵa járdem beredi.

**Juwmaq.** Juwmaqlap aytqanda, pedagoglarda kreativlik sapaların rawajlandırıwda túrli didaktikalıq, texnikalıq hám informaciyalıq-kommunikaciyalıq qurallardan da nátiyjeli paydalanıw múmkin. Degen menen, qollanılǵan hár bir metod hám texnologiyanı nátiyjeli dep bolmaydı. Óytkeni, interaktiv metodlar balalardıń jas ózgesheligi, temanı ózlestiriw qábileti esapqa alınıwı shárt.

## Ádebiyatlar


1. Karimova B.E. Kreativ pedagogika. – Toshkent: «Innovasiya-Ziyo», 2022.
2. Муслимов Н.А., Усмонбоева М.Х., Сайфуров Д.М., Тўраев А.Б. Инновацион таълим технологиялари. – Т.: «Сано стандарт», 2015 81-б.
3. Муслимов Н.А. Бўлажак касб таълими ўқитувчиларини касбий шакллантириш. Монография. – Т.: «Фан», 2004.
4. Муслимов Н.А., ва бошқалар. Касб таълими ўқитувчиларининг касбий компетентлигини шакллантириш технологияси/ Монография. – Т.: «Фан ва технология», 2013.
5. Oraqbaev Z., Sársenbaev Q. Úzliksiz tálimdegi tendenciyalar hám zamangóy qatnaslar. Oqıw metodikalıq qollanba. – Nókis: 2025.
6. Сайидаҳмедов Н. Педагогик маҳорат ва педагогик технология. - Т.: Олий педагогика институти, 2003.



**REZYUME.** Maqolada bo‘lajak pedagoglarning kreativ qobiliyatini shakllantirish, o‘quvchilarga to‘g‘ri ta’lim-tarbiya berish masalalari o‘rganib chiqilgan. Pedagogik mahorat, o‘quvchilar bilan hamkorlikdagi xususiyatlar tahlil qilingan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматриваются вопросы формирования творческих способностей будущих педагогов и обеспечения должного образования студентов. Проанализировано педагогическое мастерство, особенности сотрудничества со студентами.

**SUMMARY.** The article examines the issues of forming the creative abilities of future pedagogues and providing proper education to students. Pedagogical skill, characteristics of cooperation with students were analyzed.